

*ESKE TI
BEBE
MWEN KA
TANDE?*



Che paran yo,

Konpliman pou ti bebe ou fek fe a! Ti liv sa a pral pale ou de you program tande pou ti moun ki fek fe a e nou pral reponn kesyon yo sou ti bebe ki ap kouri risk problem pa tande.

Li bon si ou ta pale ak dokte ou de program sa a oswa kontakte:

NEW JERSEY DEPARTMENT OF HEALTH
AND SENIOR SERVICES
SPECIAL CHILD AND ADULT HEALTH
SERVICES
PO BOX 364
TRENTON, NEW JERSEY 08625-0364
1-609-984-1343 (VOICE or TTY)

KI BI PROGRAM TANDE POU TI MOUN KI FEK FET FET YO?

Bi a se pou chache konen si ti bebe ou a pa gen problem tande bagay ki ka enmede developman langaj li ak abilite ki pou pemet li pale, bagay tou ki ka enmede li nan fason li aprann e jan li jwe e fe lot bagay ak lot ti moun.

POU KISA TANDE ENPOTAN POU LAN- GAJ AK DEVELOPMAN FASON TI MOUN NAN PALE?

Ti bebe ou komanse konprann e developpe langaj li ak fason pale depi li fek fet. You ti bebe bezwen tande, developpe fason pale e you langaj nomal. Le nou idantifye e trete byien bone problem you ti moun ki pa tande byien, sa fe ke nou ka ede li nan langaj li, nan pale li, nan developman koman pou li aprann nomal kou tout moun "Pi bone se gran maten"

KOUMAN PROGRAM TANDE TI MOUN KI FEK FET TRAVAY?

Nan gaderi oswa nan kote ti moun fet, you enfimye oswa you profesyonel ki antrene pou techeke istwa medikal ti bebe ou, kote yo pale ak ou de istwa medikal fanmiy ou. Moun sa-a ap chache enfomasyon ou koneksyon ak problem pa tande (soud). Enfomasyon an rele "endikate".

Le le a rive pou ti bebe ou al lakay li, enfimye a oswa profesyonel ki antrene pou sa a, ekri enfomasyon an sou you fom e li mete kek enfomasyon nan you konpite. Li enpotan pou siyen fom nan, fom sa a gen pou li rete nan dosyie piti ou a.

Si nou jwen nempot ki siy endikate, nap voye enfomasyon an bay program Program Tande Pou ti Bebe ki fek fet yo. Program tande pou ti bebe ki fek fet, yo pral voye you let ba ou pou al fe you tes tande pou ti bebe ou a anvan li gen laj twa mwa. Kek fwa yo fe you tes tande sou ti moun nan depi anvan lal lakay li, e let la ka refere ou a tes la.



KI SIY ENDIKATE KI KA FE OU SIS-PEK LE YOU TI MOUN GEN PROBLEM TANDE?

You ti bebe kapab "Riske"ak problem tande si li gen youn oswa plis nan siy endikate sa yo:

- ⇒ Le paran ti moun nan gen maladi soud ke ti bebe a ka kapte depi nan vant, sa pa gen anyen pou we ak aksidan oswa maladi, enfeksyon zorey, oswa maladi vieyes.
- ⇒ Le ti moun nan, depi li fek fet gen gro maladi
- ⇒ Si ti moun nan fet ak you defomasyon tet oswa kou.
- ⇒ Si li se you ti moun ki gen problem ki mare ak maladi pa tande, e.g., Waardenberg, Klippel- Feil oswa (down syndrone) ki vle di: you bebe ki gen anomali.
- ⇒ Si li gen menengit (enfeksyon sevo ak kanal espinal li)
- ⇒ Si lap suiv tretman ak you machine kap ede li respire; paske li gen gwo problem ak respirasyon li.
- ⇒ Si li gen you biliruben ki ro. (sa vle di: si li ta gen you la jonis makawon)
- ⇒ Si lap pran medikaman ki ka afekte tande li.
- ⇒ Si li fe enfeksyon ki an rapo ak problem tande, e.g., an angle yo rele sa: ribella, toxoplasmosis, cytomegalovirus.

TESTE TANDE TI BEBE YO, ESKE SE YOU BON BAGAY?

WI! Prolem pa tande a (soud), ka rive menm le ti moun nan fek fet, ou gen dwa pa we okenn siy endikate. Pita, ti moun yo konn develope enfesyon zorey ki ka fe li vin gen problem tande (soud). li bon pou enfeksyon zorey la trete pa dokte ou. Apre ke le enfeksyon zorey la geri, le sa li bon pou yo tcheke tande pitit la you fason pou nou seten li tounen nan nomal li. Se te you bon ide pou teste tande you ti moun nenpot le ke ou doute gen you bagay ki ka pa korek.

SI OU GEN NENPOT KESYON SOU ZOREY OSWA TANDE PITIT OU, SIL VOUPLE PA TANN! LI TRE ENPOTAN POU KOMANSE TRETMAN SAN PEDI TAN!



**SIL VOUPLE TCHEKE "WI" OSWA
"NON" DAPRE REPONS TI BEBE OU**

Depi li fet jiska twa mwa:

- | WI | NON | |
|--------------------------|--------------------------|--|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Eske ti bebe ou etone le litande you son fo? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Eske ti bebe ou reveye le li tande you son fo? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Eske ti bebe ou vini trankil oswa kalm le li tande vwa ou menm le li paka we ou? |

Depi twa mwa jiska si mwa:

- | | | |
|--------------------------|--------------------------|--|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Eske ti bebe ou vire je li, tet li pou li chache son? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Eske ti bebe ou reponn a vwa ou menm le li pa ka we ou? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Eske ti bebe ou kontan fe bri, eske li renmen le lot ti jwet yo ap fe bri? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Eske ti bebe ou imite prop bri ke li fe; pa ekzanp: ooh, ba-ba, etc.? |

Depi si mwa

- | | | |
|--------------------------|--------------------------|---|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Eske bebe ou reponn a non li? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Eske ti bebe ou a tounen tet li sou bo kote li tande you bri? |

SI TI BEBE OU A PA GEN OKENN NAN KAPASITE POU FE BAGAY SA YO NOU SOT SITE ANRO A, FE PRESE, PA TANN! SI LI GEN PROBLEM PA TANDE A, WE YOU ODYIOLOJIS GEN ANPIL ENPOTANS POU LI. LI DWE FE SA PI VIT KE LI KAPAB!

YO KA TESTE ZOREY YOU TI BEBE A NEN-POT KI LAJ!

KOMAN YO PRAL TESTE TANDE TI BEBE MWEN AN?

Yo ka teste tande you ti moun a nenpot laj. Gen plizye fason yo ka teste tande you ti moun. Ti moun piti yo oswa Ti moun yo ki retade yo, gen you tes ki fet sou konpite (ABR e / ou OAE) li pi bon anko. Tes sa yo bay bon jan enfomasyon sou tande le you ti bebe pa ka reponn a you tes "konpotman".

Tout ti bebe ki gen tan gen si mwa laj daprann, yo ka bay li tes tande "konpotman an". Anpil fwa, you tes konpotman, se you odyolojis ki antrene pou travay ak ti moun piti. Odyolojis la prezante son yo a you nivo diferan e you rote diferan. Nan chak chanm ki frankil lap veye reaksyon ti bebe a pa rapo a son li tande yo.


Odyolojis la ka di ou ki tes ki pi bon pou ti bebe ou.

SA KAP PASE SI MWEN PA KA PEYE POU TES TANDE A?

Tes tande yo fet a you pri ki ba nan kek kote nan Nou Jeze (New Jersey). Ou ka rele youn nan plas espesyal sante pou Ti moun ak Gran Moun, mande yo non ak telefon kote pou rele a.

SANTIMAN OU SOU TANDE TI BEBE OU LI TRE ENPOTAN.

POU EDE OU WE ABILITE DEVELOPMAN TI BEBE OU, SIL VOUPLE UTILIZE GID SA YO POU TES KONPOTMAN..



KOUMAN POU MWEN FE KONNEN TI BEBE GEN ENFEKSYON ZOREY?

Men kek siy avetisman komen pou you ti bebe:

frote/ rale/ grate zorey yo, souke tet la yo preske pa peye atansyon ditou a sa ou di oswa fe.
yo tripote ko yo/ yo santi yo enmede yo chanje repons a son
fiev
zorey ap koule dlo
li retade nan langaj li e developman fason pale li.

Kek siy avetisman komen pou ti moun ki you ti jan pi gran yo:

Yo fe konnen ke zorey yo ap fe yo mal
Le yap suiv direksyon, yo fe ere
Yo plenyen zorey yo ap fe yo sonnen
Pou yo gade televizyon oswa tande radyo, fok yo ouve li fo.

KEK BEBE KI GEN ENFEKSYON ZOREY YO, YO PA MENM MONTRE OKENN NAN SIY AVETISMAN SA YO.

KI ES KI PRAL BAY TI BEBE MWEN TES POU PROBLEM PA TANDE BYIEN NAN ZOREY LA?

You teknisyen ki fe tes son sou moun (odyolojist) yo antrene moun sa yo pou itilize ekipman espesyal pou teste ti bebe pou problem pa tande byien nan zorey. Ou gen dwa pou chwazi you odyolojis ke dokte ou rekomnde ki pou fe tes la pou ti moun nou an. Ou ka kontakte tou you klinik ki ede moun ak problem pale e tande, bo lakay ou, oswa departman sante lokal, ou sevis Espesyal pou ti moun ak Gran Moun nan nimewo sa a: **(609) 984 1343** (vwa oswa TTY)

*"Komite sou tande ti bebe sipote lide pou yo gen you deteksyon inivesel (sa vle di: ki ka travay tout kote) pou ti moun piti ki gen problem pa tande a; pi vit ke posibil. Tout ti moun ki gen problem pa tande a, ta dwe idantifye anvan ke li gen twa mwa laj, li ta dwe resevwa entevansyon anvan li gen si mwa"**

**Komite sou tande ti moun, 1994 Fraz pozisyon yo.*